No. 30 | 25 Juli 1930 | Taoen 10.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
½ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

KASOESASTRAN.

KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH.
(basa Djawi).

Para maos temtoe sampoen mangertos dateng bédanipoen basa krama kalijan temboeng krama. Basa Indonésia ingkang nggadahi basa krama poenika namoeng basa Djawi Moeda (sapoenika). Basa Djawi Kina, Soenda, Bali wontenipoen namoeng anggadahi temboeng krama.

Sarèhné basa Djawi Moeda (sapoenika) poenika teroesanipoen basa Djawi Kina, dados tetéla, bilih basa krama poenika dèrèng lami wontenipoen. Djawi Kina kalijan Djawi Moeda poenika mawi kaelet-eletan Djawi Tengahan, nanging ing Djawi tengahan inggih dèrèng wonten basa krama.

Manoet Mr. G. J. Grashuis lector ing Rijksuniversiteit Leiden, basa Djawi Kina poenika wontenipoen wiwit taoen 778 (Kristen) doemoegi wiwitipoen Madjapait kinten-kinten wekasaning abat 13 (Kristen).

Ladjeng djaman Madjapait poenika wontenipoen Djawi Tengahan.

Sarisakipoen Madjapait 1478 (Kristen) ladjeng wonten kraton Demak, Padjang lan Mataram. Ing ngrikoe basa Djawi ladjeng petjah dados kalih 1e. basa Djawi Tengahan ingkang dados basa Tjirebon sapoenika, 2e. basa Djawi Tengahan ingkang dados basa Djawi Moeda sapoenika.

Djaman Soeltan Agoengan 1613—46 satanah Djawi kedjawi Banten lan Blanbangan, kabawah ing Mataram. Masti kémawon ing poendi² dalasan ing Pasoendan dipoendegi pangageng Djawi oetawi tijang ngrika pendak taoen kadawoehan sowan tjaos boeloe bekti. Ingkang kados makaten poenika andjalari basa Soenda katjampoeran basa Djawi.

Sarèhné tijang Djawi djaman samanten dipoenanggep loehoer déning tijang Soenda, mila temboeng² Djawi inggih dipoenanggep loehoer.

Tijang Soenda poenika inggih nganggèkaken oenggah - oenggoeh, dados nganggé temboeng basa (tjara Djawinipoen: krama) poenapa, nanging basa Basa oetawi basa Krama kados ing basa Djawi boten wonten.

Sarèhné temboeng Djawi kaanggep loehoer, dados katah temboeng Ngoko toemrap Djawi Moeda (sapoenika) toemrap tijang Soenda dados Basa (Krama), kadosta:

[illegible] Songong (=Ngoko) — [illegible] Basa (=Krama).

[illegible] S. — [illegible] B.

[illegible] S. — [illegible] B.

[illegible] S. — [illegible] B.

Tetemboengan ing nginggil poenika tegesipoen kados Djawinipoen.

(badé kasambet).

LARASATI.

OETAMINING WANITA.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 29.

III. **Tegesipoen moegen:** boten remen kékésahan, neningali lan sesandjan ingkang boten wonten preloenipoen. Déné wanita ingkang nglirwakaken kamoegenan poenika nama boten saé lan saroe, andadosaken tjatjad ageng. Watak wantoening wanodya djaman sapoenika sok kèloe dateng tetingalan ingkang namoeng anggèndèng dateng piawon kadosta: ketoprak, gambar-idoep lan sanès-sanèsipoen, poenika saroening-saroe, ngitjalaken oetami lan moerninng wanitanipoen.

Tegesipoen rigen: saged tata-tata lan mematoet salebeting grija, sampoen wonten poenapa-poenapa ingkang katingal pating kledèr oetawi katingal saroe. Watak watoening wanita djaman sapoenika sok katah ingkang nglirwakaken karigenan djalaran doemèh sekolah H. I. S. toewin Kweekschool. Poenika boten saé.

Tegesipoen tegen: santosa lan setya boedinipoen, kados para Santa ingkang setya dateng Sang Kristoes. Déné wanodya ingkang mingkoer dateng tetoeladaning para Santa nama tjatjad ingkang ageng sanget, itjal memaniking wanodyanipoen, bebasan: sepi asepa lir sepah samoen, lan prasasat boten mawoedjoed poetri ananging raseksi.

IV. **Déné tegesipoen soetji,** resik, petak amemplak, babasanipoen kados kapoek dipoenwoesoni, kadjengipoen: kalis lan tebih ing dosa. Ngemohi lan njingkiri dateng sadaja pandamelan awon. Déné wanodya ingkang anglenggahi kasoetjian poenika pantes lamoen sinoedarsana, kados déné malih para Santa-santa ingkang sakelangkoeng moerni, adi kadya sekar bakoeng petak ingkang saweg nedeng-nedenging mekar, sanadyan kiwa tengenipoen djedjember oetawi djedjembeg ananging poen bakoeng meksa toeloes petak memplak.

Tegesipoen: wani, wani ing ngriki tegesipoen: anindakaken leleresan, liripoen, boten adjrih pinilara, sanaajan doemoegining pedjah inggih dipoenlampahi tinimbang nglampahi awon: Toeladanipoen dèwi Achnes, poetri soetji, adi moerni, ingkang kamartelar margi saking setyanipoen dateng Sang Pinentang.

Tegesipoen: bekti, ngoermati amoendi-moendi dateng bapa bijoeng Lilintoeng bapa bijoeng. laki, sedèrèk ingkang kapernah sepoeh etc.

Déné tegesipoen angker: wingid, sampoen glegas-gleges, sampoen glégas-glègès, sampoen mésam-mèsem, sampoen plérak-plérok, poenika toemraping wanita saroening saroe, ngitjalaken oetamaning wanita sadjati. Amargi ingkang poeroen makaten poenika namoeng wanita awon. Mila sampoen makaten, wewah-wewah para wanodya Katholiek, moegi 'ndjagia dateng saliranipoen; amargi pandjennegan sadaja kadamel pangiloning para wanodya sanèsipoen.

Kosok-wangsoelipoen wanita poenika kedah ingkang: anteng, djetmika miwah djinem.

Tegesipoen: banter, rikat oetawi lepas, kados ambeging toerangga. Liripoen: jén wonten babaja: panggoda, énggal kasingkirana, sampoen ngantos ladjeng kèloe dateng saéning wawarnèn ing donja, ingkang ladjeng badé sirna, lan ingkang namoeng nggèndèng dateng naraka.

Déné tegesipoen pinter, (verstandig) boten bodo, boten boendoe, boten ketoel, dados ingkang landep, kados ambeging tjoeriga. Liripoen: saged ambédakaken awon lan saé. Sedaja piawon kasingkirana kanti éklas, sampoen mawi rangoe² miwah mangoe-mangoe, lan malih sampoen mawi melang-melan, bebasan: melang-melang, kados bijoeng ingkang nilar anak wonten ing pinggir djoerang, poenika sampoen. Kosok-wangsoelipoen: sadaja kasaénan karaketana poenika wadjibing poetri moerni sedjati.

Ant. Soeprapto.

PRADJA RAHAJOE.

MAHATMA GANDHI.

Ing Sw. Tm. No. 19 tg. 9 Mèi sampoen kadjèrèng kados-poendi pamanggihipoen Gandhi prakawis agami Kristen (Katoelik). Sarana pergerakan Gandhi tijang Hindoe kados sami tangi saking anggènipoen tilem, dipoen-goegah, kaèngetaken dateng kawadjibanipoen. Tijang ing ngrikoe, ingkang waoenipoen lembèk ing karja, prasasat tanpa daja, bokmanawi kabekta saking sampoen wewatekanipoen—tijang Wétanan poenika kabaripoen sami kirang tjakoed, asring sepi ing tékad (volharding), kirang panggah, kerep molah-malih—sapoenika garégah toemandang, kèngetan manawi kedah toemoet adjenging djaman. Wonten ing poendi-poendi Gandhi prasasat dados panggoegah, toewin saged nenangi manahipoen tetijang, sarana ndoenoeng - ndoenoengaken kadjirihanipoen, toer watekan (karakter) poenika ingkang dipoenkadjengaken Mahatma Gandhi. Lan tijang makaten poenika samangsa saged martobat, temtoe badé dados peng-pengan sanget.

Nanging wonten prakawis ingkang saged oegi ngrerandat tijang Hindoe. Tijang ing ngrikoe sami ngoegemi, manawi kanjataan poenika boten namoeng satoenggal, nanging kénging kaelak-eloek manoet pamanggihipoen toewin lagéanipoen pijambak-pijambak. Dados saged oegi beginsel Katoelik, ingkang kaandaraken Gandhi klawan temen-temen, ladjeng namoeng kaandjingakan oetawi kagémblokaken dateng agami Hindoe. Lah makaten poenika ladjeng namoeng nama ngéwahi oetawi njoekani nenering toedjoenipoen soekma Hindoe, boten nenoentoen doemoegi poengkasan: dados Katoelik.

Éwasemanten pergerakan Gandhi sampoen pitoeloeng katah dateng wenganing tanah Hindoe kanggé agami kita. Déné sebab martobat waoe kedah saking pitoeloenganipoen ingkang Maha-koewasa pijambak, mila kita sadaja namoeng njoewoenaken sih kanggé tanah Hindoe, sageda énggal kaparingan pepadang sadjatos.

PASTOOR VAN LITH.

Sw. Tm. no. 28 dimas Patjar Mérah ngandaraken bab Missie lan politiek. Koela wastani, ingkang sami peteng ing bab kalih prakawis poenika namoeng bangsa boeta soekoen kémawon, dalasan bangsa djempol boeta ageng-ageng taksih sami kisroeh. Déné ingkang sami mboereng toer ramé ing Soerabaja bangsa I. E. V., V. C., N. P., lan C. S. P., toemoedjoe dateng I. K. P. Vide, de Koerier no. 80 karanganipoen tw. Pastor, no. 84 no. 86 karanganipoen tw. W. B. Tw. W. B. kados boten kirang tjeta lan terang anggènipoen ndorèngaken bab Missie lan I. K. P. Wonten ngrikoe asmanipoen soewargi rama van Lith tansah kotjap, dalasan goebahanipoen brochure swargi rama „De politiek van Nederland ten opzichte van Nederlandsch - Indie" oegi katjangking-tjangking, djer loegoenipoen ingkang dados toeking rembag inggih isining brochure waoe. Ngèngeti asma „van Lith" boekoe koela ingkang sampoen 6 taoenan wonten simpenan, ladjeng koela wedalaken malih. Koela waos wongsal-wangsoel, koela tjotjag-tjotjogaken kalijan ingkang sami karembag wonten ing de Koerier. Ingkang saja damel senenging manah koela poenika, kok ladjeng kèngetan djasa lan soegengipoen nalika taksih wonten ing Moentilan.

Ing brochure bladz. 9 wonten pitakénan „Welke zijn de politieke belangen, die de Katholieke Missie heeft in Nederlandsch-Indie? Ladjeng ing ngandapipoen moengel „Deze kunnen worden herleid tot één enkel: een goed bestuur." Ngèngeti poenika, rèhné taoen 31 ngadjeng poenika damparing volksraad badé sami gantos ingkang sami nglenggahi, mila para djenggoel-djenggoel sampoen sami marem kaonggrong kaoempak kaalem, nanging sami ngoedija angsal „een goed bestuur." Margi manawi kirang kaleresan para pengandjoer ingkang sami ngotakatik hervorming Regeeringswijze ing tanah Indonesia, temtoe dados paran toetoehan. Para kadang Katholiek ingkang sami nglenggahi koersining Provinciale — lan Regentschapraden, sampoen sami marem dipoenkeploki, manawi keplok waoe moeroegaken mlèsèt saking dedasar katholicisme!

Swargi rama van Lith ngandika — brochure katja 12 — tjara djawinipoen kirang langkoeng „Para Missionarissen ikoe doedoe warisé compagnie, nanging para rasoeling Goesti Jésoes Kristoes. Ikoe oega prakara sing gedé banget, onderneming sing gedé. Nanging doedoe onderneming goela, tèh, kopi, mas, lengapatra oetawa timah. Para Missionarissen ora loemban ing mritja pala kaja Walanda lijané. Ing sadina-dina ana ing goedang lija lan ana ing bebaja lijané, lan barangé ija lija, jaikoe manoengsa. Pada sasrawoengan karo wong boemi, mikir kaboetoehané wong boemi, goeneman nganggo basané wong boemi, begdja tjilaka ija karo wong boemi."

Pangandika nginggil poenika ladjeng koela ontjèki koela tjotjogaken kalijan soegengipoen para Missionarissen, ingkang sami nenoentoen bangsa priboemi. Para maos, ingkang sampoen naté soegeng wonten ing College Moentilan, ènget kados poenapa anggènipoen njinaoe basa Djawi swargi rama Wenneker. Ingkang sami dipoenpoendoeti pirsa bab basa lan temboeng Djawi sami djoedeg pijambak. Boekti malih anggènipoen Missionarissen manah dateng tijang priboemi, anggènipoen ngawontenaken roemah sakit, pamoelangan: wiwit pamoelangan andap doemoegi tengahan.

Para Indo inggih boten dipoenlirwakaken. Ing de Koerier no. 86 tw. W. B. oegi nedahaken kadospoendi Missie anggènipoen ngopèni para Indo, sarana angka-angka tjatjahing moerid lan pamoelangan, miwah hospital ingkang wonten ing kita Soerabaja. Boten kirang saking Indo 2200 ingkang sami ngraosaken wohing piwoelang Missie. Manawi kita poeroen ngingoek Missie ing sa-Indonesia, ladjeng mangalèr dateng Filifina, Tjina teroes saboewana pisan, boten oesah godjag-gadjeg kita poeroen moengel: „in de Kerk van Christus bestaat geen Jood en geen Romein of Griek." Pasamoewan Soetji boten mbédak-bédakaken bangsa.

Milanipoen para Missionarissen boten saged kagebjah kasamèkaken kalijan para Walandi ingkang sami dateng Indonesia om geld, nanging sami ndjembaraken kratoning Pangéran. Bab poenika Prof. Dr. Ir. Schmutzer wonten ing raad kawoela oegi medaraken, Publicatie I. K. P. katja 93 pinanggih petikan nawala dalem K. S. Bapa Benedictus XV ing taoen 1910 ing encycliek „Maximum Illud" ingkang tjara djawinipoen kirang langkoeng: „Kadereng saka pangandika Dalem (des Heeren) Sang Kristoes marang sok wonga: „lalija marang bangsa lan omahé wong atoewamoe." Oedinen djembaring kratoning Sang Kristoes, adja kratoning donja. Ora kanggo woetah rah ing donja iki nanging kanggo ing kasoewargan. Mesti bakal noesahaké banget, manawa Missionarissen lali marang pangkaté — sing loewih perloe — pada toemandang kanggo nggedèkaké koewasa lan koentjarané tanah woetah rahé déwé. Tindaking rasoel kang kaja mangkono mesti mbangeri banget."

Para sadèrèk, para Missionarissen anggènipoen sami mantjik tanah Indonesia lan nilar tanah woetah rahipoen boten ateges badé noempoek gendis, kopi, sata, nanging sami mitoeloengi poetra Indonesiers. Mangga sami koela atoeri naliti priksa ing sa Indonésijah, wiwit Kotaradja mangétan doemoegi Marauke, anggènipoen sami njamboet damel, kanggé para poetraning Indonésijah, moerih djembaring kraton Dalem, boten kirang-kirang lelabetipoen.

Taklim
Soekatja.

KOEROE SÉTRA.

SAMPOEN KLÈNTOE TAMPI.

Para maos Sw.Tm. temtoenipoen inggih taksih sami kèngetan sedaja oesoelipoen K.W. ingkang kaadjengaken dateng P. K. W. woelan Sijam kepengker. Tjobi koela atoeri madosi malih mangké rak pinanggih. Jèn boten klèntoe oesoelipoen K. W. Klatèn: „Sebabipoen poenapa déné pakempalan kita boten katoet dipoenpatjak wonten ing volksalmenak damelanipoen negari; poenapa negari pilih sih." Mekaten bokmanawi wosipoen, déné jèn wonten lepatipoen njoewoen pangapoenten. Para sedèrèk prekawis poenika koela atoeri nggalih ingkang pandjang, sampoen énggal - énggal ndakwa dateng pemeréntah, sisip sembiripoen boten saé kedadosanipoen. Lo, koela boten teka ngréntjangi dateng pemeréntah, boten; namoeng matoer saleresipoen, djer wewaton koela toemoet poendi ingkang leres, nglepataken ingkang sisip.

Para sedèrèk, koela, Tjiptamaja boten goeman-goemoen, agengipoen mèri dateng kawontenan mekaten poenika. Pemanah koela dèrèng mesti jèn pemeréntah ingkang lepat. Tjetanipoen:

Sedèrèk, rak inggih mangertos ta jèn isinipoen volksalmenak poenika dédé negari sedaja (terkadang babar pisan boten) ingkang ngisèni. Jèn boten klèntoe, saben tijang kénging damel karangan, lan jèn karangan waoe migoenani dateng volks mesti badé kapatjak. Jèn boten kanggé — wangsoel oetawi mlebet ing krandjang wadah oewoeh. Bokmenawi ingkang damel karangan waoe salah satoenggiling prijantoen ingkang dèrèng mangertos dateng pakempalan kita. Poenika boten nama mokal lo sedèrèk. Katah para sedèrèk ndjawi ingkang dèrèng mangertos dateng pakempalan kita (P. P. K. D. oetawi K. W.), djalaran ing padoenoenganipoen boten wonten. Inggih jèn ingkang mandjoeroeng karangan waoe prijantoen Solo oetawi Djokja, jèn sedèrèk Betawi, Pekalongan oetawi Poerwokerto, kados-poendi? Rak boten nama anèh ta? Netah dateng pemeréntah, mastani boten adil, pilih sih? Tenèh dièsemi oewong mengko! Nèk diarani botjah ttilik ndjoer . . . . . Kados inggih katah pakempalan ingkang boten kapatjak wonten Volksalmenak.

Kalijan malih para sedèrèk! Kados-poendi golongan ndjawi sagedipoen mangertos, djer kita jèn kempalan adakanipoen (tansah) kadamel besloten, boten kadamel openbaar?! Actie djaman sapoenika ingkang gampil kasoemerepan actie keraaas; lan ingkang pantjèn melok katingal djasanipoen. Handak boten mekaten? Tindak kados mekaten waoe noewoehaken gagasan (gagasanipoen volks) jèn kempalan kita (?) boten ngrembag dateng betahing oemoem. Toendonipoen noetoeh dateng pemeréntah. Kedjawi ta jèn poenika waoe pantjèn pemeréntah ingkang damel, sampoen samestinipoen jèn kita mèri, mbengok soendoel méga, pemeréntah boten a . . . . d i l.

Soemangga ta adamel gelar, ingkang saged nengsemaken manahipoen golongan ndjawi, kados oepaminipoen sedaja wanita jèn soemerep sekar mawar ingkang wangi gandanipoen, énggal-énggal anggènipoen badé metik. Soemangga ngéwahi tradjang, tindak-tandoek kita ingkang misahaken pamitran kita kalijan golongan ndjawi. Jèn kita njata saé, mangké rak moengel pijambak: „Pantjèn bregas satrija Katholiek!" Handak hija?!

Soemangga dipoentandangi, sampoen gedoemelan kémawon. Bekerdjalah boeat volks. Ha-ha-haaaaak!! Damel boekti ingkang njata, sampoen namoeng woedjoed pengendika! Ning , ... ja . . . . . te . . . . . naaaaaan, apa?!! Njoewoen ngapoenten.

TJIPTAMAJA (angen-angen).

EMOH DJAMBON MÉRAH WAÉ!!

Para sadèrèk! Saking pawon — koeping koela *kepeksa* saged njambi mirengaken swaranipoen satoenggiling B.B.

„Goblogipoen loerah - loerah bawah koela — tjobolonipoen kantja doesoen, saèstoe maremaken manah koela. Awit srana temboeng „Isih seneng dadi loerah apa ora," — paos saged bèrès—tarik sapisan....... sah!"

Makaten wosipoen swara ingkang kawedal saking satoenggiling B. B.

Para maos! Tijang (B.B.) ingkang kados makaten — ngakenipoen temtoe *badé nentremaken djagad — nglaroeng bibit koeminis.* Nanging panggah panjana koela: *„Ja koewi wong sing ndrawasi — jaikoe* toekang *ngraboeki bibit Roes — ja kaja ngono koewi wong sing ora kena diendel!!"*

Andèkpoena, jèn mireng temboeng politiek — gebrès-gebrès!!

Hara! Kroengoe temboeng politiek oetawa mamboe leksara „*P*" waé.... wahing.— mBareng anoe mbalah ndeder *koeminis!* Nijat *„emoh djambon, mérah waé"* ané!!

Panjerat kanti lega, jèn dipoenwastani „angger moeni," sok oegi otjèhan koela nginggil poenika tanpa waton. Mangga poen djlimet!

1. Loerah ingkang kataman temboengipoen B.B. kasbat (Isih seneng dadi loerah apa ora), kados-poendi polahipoen? Ora nggoegoe engko di...; nggoegoe, mesakaké kantja désa!

E, ja ora kétang..... nambeli disik, tinimbang di.....!

Nadyan poen loerah mitoehoe — poenapa pamitoehoe makaten waoe boten kabekta saking adjrih?? Lan poenapa adjrih asih?? Babar pisan boten! Adjrihipoen loerah, sami kalijan adjrih dateng gendroewo!

Poenapa laré saged (gampil) boten ngandel dateng momok, manawi tansah dipoenadjrih-adjrihi: *„hadieeeee ana momok!!"* Liripoen: *poenapa kapitadosanipoen Volk saged (gampil) wangsoel, manawi katah (wonten) B. B. makaten poenika??*

2. Angsal loerah ingkang ketingalipoen njatrija kados kasbat nginggil, kantja doesoen dèrèng barang-barang. Sinareng ketenggor loerah ingkang ngamoek poenggoeng??

Bisa ora bisa, atas dawoehé ndara (B.B. ing nginggil)—ija atas dawoehé Kangdjeng toewan Residèn...... enz. — dadi ija atas asma dalem Sri Maharadja Poetri, padjegmoe koedoe kokbajar soek anoe, kropjok!!

Kantja doesoen mireng swara makaten — benampéjan saged nggagapi kados-poendi polahipoen — kados-poendi batosipoen. Boten kétang sakmenir, manah temtoe kisèn widji, mérah. — Poenika begdja-begdjanipoen!

3. Kantja doesoen ingkang kaslepeg, dateng poendi anggènipoen mladjeng??

Manoet lagéjanipoen bangsa kita, boten adjrih sowan lintah darat.

Mitoeroet saradanipoen bangsa kita, boten éman njadé pantoen idjem.

Nitik koepija, boten wegah saba pagantosan.

Ing riki — ketingal anggènipoen mrelokaken sanget.

Inggih ingriki bangsa kita ketingal manoet — mitoehoe — setya! Pantes kapamèraken! Nanging boedi koela soetik pitados, jèn anggènipoen setya — mitoehoe waoe kanti lair batos, medal saking boeroesing manah. Boedi koela kentjeng pitadosipoen, jèn setya mitoehoenipoen waoe namoeng lair — lamis — étok-étok! Dasaring manahipoen sami nggrantes, nelangsa.

Para sadèrèk! Inggih ing manah nggrantes (nelangsa) ngrikoe, papan soeboer kanggé ndeder widji mérah. Saja-saja ing djaman gawat poenika, djaman paos badé mindak!!

Manawi ing ngrika inggih wonten rika — B.B. awatak *emoh djambon, mèrah baé* — manawi Indonesier gingsir imanipoen — saiba anggènipoen djedjogétan toewan L. de Visscher! — djer roemaos ketoeroetan anggènipoen gembar-gambor wonten tweede kamer wingi poenika *„bersatoelah dan pertjajalah bahwa melainken Communisme sadja jang aken bisa mereboet kembali kemerdikaan Indonesia oentoek ra'jat Indonesia!!"*

Sadèrèk ingkang kataman!! Sampoen keladjeng-ladjengaken noen!! Sampoen ndeder widji wedalan Rus; Indonesia toch boten kirang widji patohan!?!

Èman-éman jèn pambengokipoen toewan Lou de Visscher ketoeroetan!!

Semanten roemijin.

P. C. Warsini.

VARIA.

OEDOE REMBAG.

Sanget bingah lan mongkoging manah koela koela maos ing Sw. Tm. déné ing Doekoen lan ing Moengkit sampoen madeg tjabang-tjabang P.P.K.D. Ing pangadjeng-adjeng koela moegi ing sakiwa tengening Sala, Klatèn lan sanès-sanèsipoen lan ing poendi papan ingkang sampoen wonten sadèrèkipoen Katholiek langkoeng saking 7, ladjeng énggal wontena tjabang P. P. K. D. oetawi K. W. Iba badé ageng lan sentosanipoen pakempalan kita P.P.K.D., déné saben-saben tansah mindak-mindak tjabangipoen. Nanging rèhning Moengkit lan Doekoen poenika tjelak lan Moentilan, poenapa boten prajogi jèn kalih panggénan waoe boten madeg tjabang, nanging namoeng dados sèksi, nggamblok ing Moentilan. Makaten oegi manawi wonten tjabang ingkang madeg énggal, manawi satjelakipoen papan ngrikoe sampoen wonten tjabang, prajogi oegi anggambloka dateng tjabang ingkang tjelak waoe. Perloenipoen:

1. Ngijataken tjabang Moentilan, menggahing tjatjahing warga lan Contributie-nipoen, nambahi wakil toemrap tjabang Moentilan jèn dateng Congres, dados mboten namoeng Ngajodja ingkang gadah stem katah jèn pinoedjoe congres, mangka oepami 2 panggénan waoe madeg tjabang pijambak mesti kedah ngawontenaken oetoesan pijambak dateng congres toer inggih bekta stem pijambak ingkang dèrèng temtoe tjotjog lan stem Moentilan.

2. ngGampilaken sagedipoen andjembaraken seserepanipoen para warga ing Moengkit lan Doekoen, margi saben wonten vergadering ing Moentilan tansah sami saged nenggani.

Ing wasana koela soemangga dateng ingkang sami wadjib, amrih prajoginipoen.

Ngandap miri.
21 — 7 — '30

SOK TIJANGA SAGED KASOEPÈN.

(Vergeten is menschelijk).

Mangsoeti orèjan koela ingkang kasebat ing Taman Swara-Tama No. 28. tg. 11-7-30, bab lelampahanipoen mantri-Tjatjar wonten doesoen Pekidjangan, ondd.: Boelakamba (Tegal).

Sadaja ingkang kaserat waoe leres namoeng satoenggal ingkang boten; mbokmanawi saking goegepipoen poen Lebé.

Koela sampoen nerang malih dateng Bekel, Tjarik lan Lebé. (saloenggalipoen malih) bilih pantjèn leres laré kalih ingkang kapoerih njokot koersi namanipoen
I. poen Goeteng.
II. „ Soejat (dados sanès Wasoem).

Menggah dangoenipoen: Mitoeroet poen Bekel ± 10 menit.
„ Tjarik ± 1 djam.

Saking panginten koela leres poen Tjarik, awit nalika tjatjaran poen Bekel kerdja betoel, tansah soekan kalijan tijang katah nedya kaatoer, dados roemaosipoen namoeng sakedap.

Tjobi kagaliha, tijang ingkang njamboet damel saèstoe, sanadyan sampoen dangoe roemaosipoen inggih saweg sakedap. Sanès kalijan tijang ingkang nganggoer; saweg 1 djam kémawon roemaosipoen sampoen dangoe sanget.

— Sigeg —

Saben poenapa kémawon temtoe wonten pangoewaosipoen minangka gagantosipoen tijang sepoeh (ouders).

Oepami tijang sagrija (sarajat) ingkang dados pangageng poen bapa lan bijoeng.

Doesoen — Bekel
onderdistrik — A. Wedono enz.

Hla sapoenika kedjawi laré kalih waoe ingkang kadamel wirang; nanging tijang sepoehipoen temtoe inggih wirang toer mawi SANGET.

Mangka lelampahan damel wirang waoe boten namoeng sapisan poenika kémawon; malah saking pamireng koela mèh angger natjar wonten ing sa-onderdistrict ngrikoe.

Dados sadaja waoe koela soemanggakaken dateng sesepoehipoen tetijang sa-onderdistrict waoe, inggih poenika bendara Assistent Wedono ing Boelakamba.

Soekoer jèn kersa moendoet katerangan sekedik dateng tetijang ing ngriki minangka boekti.

Noewoen
ta'lim koela
poen *H. ijo to?*

SWARA TAMA.

„Sw. Tm." s. k. kita Katholiek ingkang sampoen wonten 10 taoen oemoeripoen, teka dèrèng mindak agengipoen poenapa pantjèn koenting oetawi koentèt?

Poenapa lepatipoen sinten? Kala 3 taoen kapengker*) katah sanget para pamedar sabda ingkang sami nenangi manahipoen para maos Sw. T., amrih s. k. poenika sageda kawedalaken padintenan (sakedik-kedikipoen kaping 3 seminggoe) nanging poenika oegi boten dipoen-gobrès oetawi rèwès déning para maos, angsal-angsalanipoen n i h i l.

Èwasamanten koela meksa wani tjloeloek malih; rèhning sapoenika djaman obral s. k. poenapa Sw. T. inggih namoeng nrimah dados minggoean kémawon?

Ènget lo, ébahing djaman goendjing mèring.

Manawi saged medal padintenan, temtoenipoen boten badé boebroek (boten padjeng), djalaran sadaja tijang ingkang poeroen mboetjal arta kanggé ngebon s. k. poenika ingkang dipoenpoerih pakabaranipoen. Mangka kabar2 (kabar padintenan, sanès kabar beschouwingen ingkang kawedalaken s. k. kita sapoenika poenika sapérangan ageng sampoen wajoe, mambet angin dipoentandingaken s.k. sanès2-ipoen, sebab sadaja poenika namoeng tjoeplikan saking s.k. sanès kémawon. Menggah sebabipoen poenapa saking awising pembantoe - pembantoenipoen ingkang angasta perstkaart, legimatiebewijs lan sanèsipoen? Poenapa pantjèn ingkang kersa ambantoe s. k. kita boten kersa njoewoen? Poenika perloe lo para pembantoe, bewijs wakil pers kedahn gasta. (Ngintoena potrèt kalih kémawon, njoewoen perskaart). Rama Redacteur rak boten kawratan ngedalaken bewijs2 amrih madjenging s.k. ipoen?**) La manawi para pambantoe sampoen njekapi, s.k. kita mesti ladjeng ngrebda djalaran kita ladjeng saged pikantoek pakabaran ingkang penting-penting, manawi kita pantjèn ngoedi, djer namoeng jèn mbekta bewijs-bewijs saking s.k. (dados wakilipoen pers) kita nembé angsal mlebet panggénan ingkang dipoenawisi déning poelisi, mekaten poenika inggih namoeng ingkang kénging dipoenoemoemaken. Poenapa boten makaten Rama Redacteur?***)

Badé kasambet.

*) dèrèng dangoe poenika kémawon inggih katah ingkang voorstel soepados kakerepana wedalipoen, ananging namoeng kèndel ing voorstel? Red.

**) Babar pisan boten, perskaart sampoen samekta. Red.

***) Kasinggihan. Red.

POESPITA MANTJA WARNA.

KADOS-POENDI PEMANGGIH KITA?

Ing Bahagia no. 159 dinten Djoemoewah tg. 18 Juli lembaran satoenggal wonten karanganipoen A. G. bab Igama dan Polygamie: Soeatoe pemandangan tentangan ke-Islaman, moengel mekaten:

DIDALAM Qur'an diseboetkan orang Islam b o l e h kawin lebih dari satoe. Pikirlah jang dalam-dalam apakah artinja b o l e h dan tidak diharoeskan? Boleh jaitoe djika keadaan menjoeroehnja artinja kalau tidak dikerdjakan mendjadi soesahnja atau dapat menjoesahkannja. Oempamanja begini: „Manoesia boleh memboenoeh manoesia". Tentoe sadja ini seperti perkataan orang gila, kalau didengarnja. Tetapi toch betoel kedjadian, jaitoe pada wektoe jang diharoeskan. Oempama seperti jang soedah kedjalanan di dalam peperangan. Apakah orang jang diboenoeh didalam peperangan itoe soedah tentoe mempoenjai salah pada jang m e m b o e n o e h n j a, saja rasa beloem tentoe, malah kadang-kadang (kalau saja tidak keliroe) ada jang doeloenja djadi temannja. Oempama lagi: Toean berdjalan ditempat jang soenji, laloe toean diserang oleh perampok (tentoenja jang menjerang lebih dari satoe). Bagaimanakah sekarang pendirian toean? Poetoes asakah toean? Tentoe tidak.

Seboleh-boleh berichtiar soepaja toean dapat selamat dari ini bahaja, ja dengan akal apa sadja. Oempamanja toean lawannja dia. Sekarang, oempama tertjapai maksoed toean, toean dapat mengalahkannja dan dapat memboenoehnja, apakah toean disalahkan memboenoeh orang? Saja rasa tidak. Betoel toean memboenoeh (ini oempama sadja) tetapi didalam keadaan bagaimana. Tentoe sadja sebab terpaksa, jaitoe goena mendjaga keselamatan diri toean. Apakah dalam ini keadaan djoega bersalah jang besar saja rasa tidak.

* * *

Ingkang koela tjoeplik namoeng poenika, awit ingkang badé koela rembag inggih namoeng poenika. Boten soesah koela matoer, bilih golongan kita boten setoedjoe kalijan polygamie; poenapa malih sampoen kerep karembag ing Sw. Tm. ngriki jèn polygamie poenika soelaja kalijan dawoehipoen ingkang Mahakoewasa.

Déné ingkang badé koela rembag bab thesisipoen (pamanggihipoen) panjerat, ingkang moengel makaten: „Manoesia boleh memboenoeh manoesia".

Sadèrèngipoen koela ngandaraken pamanggih koela, roemijin koela badé nerangaken, bilih tijang poenika boten kénging medjahi badanipoen pijambak; mangké ladjeng gampil nerangaken lepatipoen pamanggihipoen panjerat.

Medjahi badanipoen pijambak sarana nglaloe, ngendat oetawi soedoek salira poenika boten kénging; tijang ingkang makaten poenika kedjawi sija-sija dateng badanipoen pijambak sarta kalepatan dateng negari, inggih kalepatan dateng Goesti Allah, nama doeraka alijas dosa; awit ingkang nemaha medjahi badanipoen pijambak, njahak wewenangipoen Goesti Allah. Namoeng Goesti Allah pijambak ingkang djoemeneng djaksaning gesang lan pedjah; namoeng Goesti Allah ingkang paring gesang dateng manoengsa, dados inggih namoeng Pandjenenganipoen pijambak ingkang koewaos (kagoengan wenang) moendoet wangsoel peparing Dalem waoe. Inggih leres gesang waoe sampoen kaparingaken dateng manoengsa, nanging taksih wonten ing pangoewaosipoen Goesti Allah.

Saoepami wonten tijang ingkang tjarijos (ngoenandika) makaten: „Oerip diparingaké déning Goesti Allah; dadi ija kena ditjaosaké bali, samangsa gawé ribed". Pangoenandika poenika boten leres; gesang poenika kaparingaken dateng manoengsa (kagadoehaken), soepados kadjagi klawan saé lan tijang ing béndjing kedah saged andjawab tetanggelanipoen; jèn gadoehan waoe boten kapoendoet pijambak déning Goesti Allah, inggih kadjengipoen.

* * *

Saoepami medjahi badanipoen pijambak boten kénging, sampoen tjeta sanget, bilih tijang inggih boten kénging medjahi badanipoen tijang sanès. Saminipoen ngetjèh-etjèh barang darbé gadahanipoen pijambak kémawon sampoen nama boten saé, poenapa ladjeng kénging ngawoetawoet bandanipoen sanès?

Dados oengel-oengelan: „M a n o e s i a b o l e h m e m b o e n o e h m a n o e s i a" poenika boten leres. Lah sebab2 ingkang dipoentjoengoelaken panjerat kados-poendi? — Makaten: Tijang wonten ing paprangan poenika nglampahi dawoehipoen negari; dados anggènipoen medjahi mengsah poenika boten kadjengipoen pijambak. Mangka Negari wenang andjagi katentremaning tanah, saha kedah ngrembag kabetahanipoen para kawoela, kabetahan oemoem, mila ladjeng gadah wenang dawoeh perang dateng saradadoenipoen. Dados poenika kénging? — Inggih; nanging lalampahan (feit) poenika boten kénging kanggé njebabaken: „Manoesia boleh memboenoeh manoesia". Sebab barang njebal patokan badé kanggé moedjoedaken patokan. Saminipoen makaten: Ing kebonipoen toewan administratir wonten seratan: d i l a r a n g m a s o e k. Koela soemerep toewan administratir mlebet mrikoe. Poenapa koela ladjeng kénging tjrijos: wong kena mleboe mrono? — Rak boten.

Pramila ingkang leres ladjeng: „Wong ora kena matèni wong lija". Déné manawi wonten dawoeh ingkang maton, lan ingkang dawoeh waoe gadah wenang, ladjeng . . . . Para maos saged mangertos pijambak. Poenapa Negari (Staat) gadah wenang makaten poenika, lah poenika sanès bab; jèn sakinten perloe, inggih sagah ngandaraken. —

Sabab ingkang nomer kalih, kados-poendi? A p a k a h d a l a m i n i k e a d a a n d j o e g a b e r s a l a h j a n g b e s a r, s a j a r a s a t i d a k.

Saged koela mastani tijang waoe salah oetawi boten, koela kedah soemerep roemijin, kados-poendi kakadjenganipoen tijang ingkang badé kabégal waoe. Manawi ingkang dipoenkadjengaken (directe wil) pedjahipoen bégal, tijang waoe inggih bersalahan besar. Manawi ingkang kaemen-emenaken (kaoedi, kakadjengaken) anggènipoen ndjagi kawiloedjenganipoen badan, woesana bégal doemoegi ing pedjah (pedjahipoen boten katemaha), tijang waoe boten kalepatan (ing ngarsa Dalem Goesti Allah. Ing ngadjengipoen pradata, kados-poendi? Poenika rembag sanès.)

Terangipoen makaten: Sinten kémawon kadjibah andjagi barang darbé gadahanipoen; dados inggih kedah andjagi saha roemeksa dateng kawiloedjenganipoen (gesangipoen) kanti temen2. Saoepami tijang sanès badé mendet barang waoe, mesti boten angsal; tijang sanès badé medjahi, temtoe ladjeng dipoentanggoelang; pados sarana sagedipoen ontjat sampoen ngantos kapedjahan, oepami mladjeng. Menawi boten saged mladjeng, kapeksa prang tanding (nglawan), kedah ènget kawan prakawis poenika: 1. anggènipoen nglawan sabab saking kapeksa, boten wonten sanès; 2. sampoen kirang doegi prajogi, samangsa boten perloe, sampoen amoek poenggoeng; 3. sampoen nglimpé; samangsa ingkang nglawan waoe kèndel, sampoen dipoentanggoeh, ladjeng kapedjahan; 4. namoeng nedya andjagi gesangipoen kémawon, dados ingkang dipoentoedjoe loewaripoen saking bebaja, boten ngarah pedjahipoen mengsah; jèn ngrika sampoen kapladjeng, sampoen dipoenojak dipoentatoni. Ingkang makaten poenika boten kénging, awit badanipoen pijambak rak sampoen boten wonten ing bebaja.

* * *

Anggèn koela damel orèhan poenika soepados kawaos sadèrèk koela sadaja; soepados priksa, bilih wonten pamanggih ingkang soelaja kalijan kanjataan, ingkang kita roengkebi lan ingkang kadawoehaken ing Goesti Allah.

Déné toemrap sad. A.G. sampoen kirang ing pangaksama; pandjenengan kagoengan pamanggih makaten; koela gadah pamanggih sanès. Tjobi kadjèdjèraken ladjeng katanding (obiectief). Woesana soemangga. Ma'af.

Penonton.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS).

KABAR KATHOLIEK.

Kanggé ngadjengaken Agami.

Nembé poenika, Babadan kanggé ngadjengaken soemebaring Agami Katholiek (Hooge Raad van het Werk tot Voortplanting des Geloofs) ngawontenaken konggrès manggèn ing Roem, dipoendatengi wakil-wakil saking Nederland, Oostenrijk, Beieren, Canada, Tsjecho Slowakije, Inggris, Frankrijk, Djerman, Jugo-Slavië, Polen, Schotland, Spanjol, Zwitserland, toewin Amerika Sarikat.

Nitik palapoeran, arta-arta saking anggotananing Babadan waoe ingkang kawedalaken toemandja kanggé ngadjengaken soemebaring Agami (Missie), kala taoen 1928 wonten 55.319.790 Lira, taoen 1929 wonten L. 65.986.610, dados mindak L. 10.666.830. (1 Lira ± = f 0,48).

Ing ngandap poenika peprintjènipoen:

	1928	1929
Ver. Staten	L 24.532.000	L 26.797.000
Frankrijk	5.820.650	7.852.600
Italië	5.052.000	6.209.000
Duitschland	4.976.000	5.605.500
Canada	2.050.300	3.224.300
België	2.546.000	3.060.000
Nederland	2.075.500	2.269.000
Ierland	L 1.360.000	L 1.484.000
Polen	702.500	1.282.000
Zwitserland	389.000	510.000

Dalasan dana-dana ingkang saking Missie pijambak inggih katingal madjeng. Kala taoen '28 namoeng wonten L. 627.935, taoen 1929 mindak dados: L. 1.080.000.

Arta darma saking Missie pijambak waoe, piprintjènipoen:

	1923	1929
Azië	L 184.695	L 370.250
Afrika	86.580	303.000
Australië	27.500	110.500

Prosèsi Kalibawang.

Prosèsi Kalibawang kala 13 Juli, ingkang andèrèk éwon, saking poendi-poendi: Soerabaja, Ngajogjakarta, Magelang, Moentilan, Mendoet, lss.

Seseboetan sampoen oemoer 300 taoen.

Kala 10 Juni 1630, ngarsa dalem Urbanus VIII, andawoehaken bilih para Kardinal pikantoek seseboetan Eminenza oet. Eminentissimo (Eminentie).

Dados, para Kardinal anggènipoen sineboet E m i n e n t i e poenika sapriki sampoen 300 taoen.

KABAR OEMOEM

INDONESIA

Dipoenpedjahi koeli.

T. Bellink, snijveldopziener pabrik gendis Poerwodadi tjaket Barat, Madioen, kala 15 Juli dipoenbentoeri séla koeli 30, dados lan tiwasipoen. Kinten-kinten kémawon toewan waoe naboki koeli sawatawis.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Kasangsaran anggegirisi.

Kala malem Ngahad, djam satengah satoenggal daloe ing margi Magelangsche weg, pratigan Julianalaan Ngajogja, wonten kasangsaran montor anggegirisi. Montor A. B. no. 290, namoeng dipoentoempaki Walandi kalih, (mentas mertamoe saking Semarang) noebroek tjagak tilpoen. Walandi kalih waoe, sami p e d j a h s a n a l i k a, i.p. t. Dobson, installatiebeheerder B.P.M. Ngajodja, lan mr. Tellings notaris ing notaris-kantoor Focquin de Grave. T. Dobson nilar sémah, lan anak nenem. Déné mr. Tellings tilar sémah, ingkang kala wonten katjilakan poenika ngleresi tirah wonten Tosari.

Konggrès Taman Siswa.

Kanggé mèngeti 8 taoenipoen Taman Siswa, ing Ngajogja bèndjing tanggal 6 - 13 Agoestoes badé wonten konggrès T.S., angrembag prakawis warni-warni ingkang magepokan kalijan onderwijs lan opvoeding.

Katjarijos Instituut T. S. waoe, sampoen anggadahi tjabang 51.

K. W.

K. W. Ngajogja kala Setoe sonten ngawontenaken parepatan, kadjawi sanès-sanès amoetoes ngedegaken koemisi Tatatjara.

Koersoes tijang boedeg lan bisoe.

Koersoes kanggé tijang boedeg lan bisoe, woelan poenika kabikak wonten Bandoeng, sarta dipoenpangagengi njonjah Roelsema-Waselink.

Temboeng kowé.

Ing pérangan afd. B. B. ing Raad Kawoela, wonten warga ingkang njoewoen soepados Paréntah damel serat sebaran ngawisi para B. B. bangsa Éropah ngempakaken temboeng „k o w é lan e n g k a u" dateng B. B. bangsa ngriki ingkang dados kaléréhanipoen, awit ingkang makaten waoe nglorotaken daradjadipoen Inl. B. B. ambtenaren. Panjoewoenan poenika gandèng kalijan swanten ing salebeting Inl. Bestuurcongres ingkang njarijosaken bilih ing Soematrah katah ambtenaar B. B. bangsa Éropah matrapaken temboeng kowé lan engkau waoe dateng Inl. B.B. ambtenaar kaléréhanipoen.

Karèt wedalan Indonesia.

Manoet tjatetan, woelan Djoeni kapengker poenika karèt ingkang kawedalaken saking Indonesia, wonten 10.792 ton. Karèt semanten poenika ingkang wedalan kaboedidajan Priboemi 7.612, ingkang wedalan onderneming bangsa sanès 3.150 ton.

Pakempalan koesir dokar.

Ing Medan mentas wonten pakempalan oemoem angrembag kawontenaning koesir dokar, dipoendatengi koesir kirang langkoeng 1000, sarta ladjeng ngedegaken pakempalan koesir.

H. I. S. lan H. C. S. dipoenitjali?

Wd. directeur Onderwijs prof. dr. B.J.O. Schrieke oesoel dateng Paréntah ngitjali sadaja H. C. S., H. I. S., Schakelschool, ladjeng dipoengantos A l g e m e e n e L a g e r e S c h o o l, perloenipoen sageda njoekani onderwijs ingkang langkoeng pakolèh, langkoeng sakedik wragadipoen, toer wohipoen toemrap sociaal saged langkoeng inggil. Déné sakolahan-sakolahan andap kanggé bangsa Europa (E. L. S.) sageda lestantoen tetep kémawon kados wontenipoen samangké.

Alg. Lagere School waoe wonten péranganipoen kalih: A. kalijan B. Basa Walandi wonten ing klas ingkang andap dados leervak déné wonten klas nginggil kadadosaken basa oemoem.

Ing afd. B., dipoenwonteni piwoelang adadasar Indonesia ingkang timbang kalijan pangadjaran Kilénan, nanging klas ngandap boten dipoenwoelangi basa Walandi. Ing pangkat nginggil ing afd. B. poenika waoe dipoenwewahi piwoelang bab tatanèn oetawi padagangan mawi-mawi kaperloewan ing papan ngrikoe.

Oesoel kaseboet nginggil poenika mèh noenggil sedya kalijan gagajoehanipoen H. I. O.; moerid-moerid afd. A. saged alihan dateng afd. B., makaten oegi kosok-wangsoelipoen.

Manawi katampi, éwah-éwahan poenika katindakaken bèndjing taoen 1931. (A. I. D.).

Assistent Resident Pati dipoenkèndeli.

A. I. D. martosaken bilih a. r. Pati J. L. v. d. B. margi gadah tindak ingkang boten pantes, dipoenkèndeli boten kalajan hoermat.

Ratoe-ratoe Indonesia dateng Nederland.

Het Nieuws njarijosaken gandèng kalijan lalampahan penting ing kadaton dalem Sri Maha Radja Poetri (— Poetri Juliana patjangan —) para nata ing Indonesia bèndjing taoen 1931 sami kinarsakaken sowan dateng Nederland. Nanging pawartos waoe katah ingkang andorakaken.

Kamadjenganipoen Rechts-hoogeschool.

Ing akiripoen Juni 1929 ingkang nglebeti dados student 159, poenika ingkang bangsa Indonesia wonten 97, Tionghoa 20, lan bangsa koelit petak 42.

Student 140, ingkang katarimah iksamenipoen kanti saé wonten 77, i.p. candidaatexamen I: 38, pérangan II. 25, doctoraalexamen ka I. 8, pérangan II. 6. Angka-angka poenika kala cursusjaar ingkang kapengker wonten: 98, 62. 72, 7, 3.

Soewakipoen poenale sanctie.

Sampoen katetepaken wiwit 1. Januari 1932 koeli-koeli ing onderneming pinten - pinten ing Médan poenika ingkang 25 % kedah koeli merdika.

Sapoenika katahipoen koeli merdika ing Deli sampoen wonten kirang langkoeng 10 %, nanging ing pérangan Soematra Pasisir Kilèn taksih dèrèng wonten, alijas nihil (J a v a B o d e).

Boekti djaman malaise?

B. N. njarijosaken tetijang Soekaboemi sami kelah déné manawi anggantosaken barang namoeng dipoenregèni sakedik sanget, ngantos wonten ingkang namoeng tampi arta 25 sèn, mangka roemijin dèrèng naté kalampahan (K e n g P o).

Krakatau.

Langeiland 21 Juli, Aneta.

Wingi daloe wonten djebloegan kaping 880, ingkang inggil pijambak inggilipoen 1050 M. Wonten tatit kaping 132.

Lindoe Djember.

Malem tanggal 20 poenika, ing Djember wonten lindoe dangoenipoen 15 sekon.

Njalingkoehaken arta.

Employé Levensverzekering Mij Arnhem, anama Tan Tong Soei, konangan anggènipoen njalingkoehaken arta salebetipoen nem taoen, katahipoen 15.000 roepijah. Tijangipoen ngaken kémawon.

Ing kantor notarisan Soekaboemi, wonten poenggawa njalingkoehaken arta kirang langkoeng f 2000. Tijangipoen inggih ngaken kémawon.

Mr. Koesoema Soemantri.

Mr. Koesoema Soemantri, ingkang roemijin sampoem kawartosaken kaboetjal dateng Banda, kala Ngahad kapengker poenika katoempakaken baita sneldienst K. P. M. saking Médan dateng Betawi, sarta salebetipoen dèrèng kaangkataken dateng Banda kaampiraken dateng boewèn Glodok.

Bioscoop wonten ing Raad Kawoela.

Toewan Monod de Froideville kalanipoen angrembag afd. B. B. tanggal 21 Juli mahjakaken soepados reclame film poenika dipoendjagi saèstoe. Kadjawi poenika mratélakaken bilih Paréntah boten patos anggatosaken dateng filmkeuring.

Heerendienst.

Warga Raad Kawoela t. Nja Arif wonten Raad Kawoela 21 Juli mahjakaken tjondongipoen toemrap soewaking heerèndienst. Kadjawi poenika, inggih neda itjalipoen gewapende politie ing poendi kémawon.

Panglawanipoen koeli ing onderneming.

Warga Raad Kawoela Soangkoepon wonten parepatan 21 Juli mratélakaken panglawanipoen koeli ing onderneming Soematrah Wétan, boten katingal soeda, inggih nadyan poelisi dipoenwewahi; ingkang makaten poenika tetep namoeng ngetjèh-etjèh arta kémawon.

Djaman sampoen sepoeh.

P e n d a w a njarijosaken bilih ing Rangkasbetoeng lang Pandeglang sapoenika katoewoehan modèl énggal. Roemijin-roemijinipoen manawi kaboepatèn ngawontenaken tjekap mawi tajoeban. Nanging sapoenika, kawartosaken migoenakaken tjara énggal, kanggé njenengaken tamoe-tamoe Walandi. Tjara poenapa? Bodjo-bodjonipoen prijantoen kapoerih d a n s a h ! !

Toko wos hantjoer.

Salah satoenggilipoen firma wos ingkang kalebet ageng pijambak ing Rangoen, i. p. Messrs R. D. Tata & Sons, hantjoer, kapitoenènipoen wonten 10 mlijoen rupee (H e t N i e u w s).

Sir Baden Powell.

Sir Baden Powell bapanipoen padvinderij, kawartosaken badé dateng Indonesia.

Ing serat ingkang katampi ing Padvindersbond ing Bandoeng bab badé datengipoen Sir Baden Powell waoe, mratélakaken oegi bilih Ind. Padvindersbond dipoenoelemi ngèstrèni Jamboree ing taoen 1933.

H. A. Salim kalijan Wilhelmus.

Kala baita J. P. Coen badé pangkat saking plaboehan Port Said, ing baita ngawontenaken pista mawi sasanti Wilhelmus. Sadaja sami Koermat ngadeg, kadjawi H. A. Salim.

Loerah pikantoek medali pérak.

Gandèng kalijan lalabetanipoen kala doesoen Likasan katradjang ladoe, loerah ing doesoen Likasan anama Tawikrama, pikantoek gandjaran medali pérak.

Begrooting perang soepados dipoenlongi.

Warga Raad Kawoela R. P. Soerasa ngadjengaken rembag soepados begrooting perang dipoenlongi. Kersanipoen Nagari badé damel modern-ipoen pirantos militair ingkang nelasaken waragad kawan mlijoen roepijah kasoewoen soepados dipoensandèkaken kémawon. Awit, manawi boten makaten ateges kawoela badé angsal sasanggèn paos ingkang boten èntèng.

Waragad mlebet kanggé Tionghoa.

Warga Raad Kawoela t. Loa Sek Hie mahjakaken kawrataning manahipoen (lan ngantos dipoenréntjangi ngedalaken loeh, sesegen), déné waragad mlebet ing Indonesia toemrap tijang bebara bangsa Tionghoa dipoeninggahaken. Tijang Tionghoa ingkang sami bebara mriki waoe, katjarijosaken, andajani dateng pakarjan timah poenapadéné onderneming-onderneming ing Dèlli ingkang ladjeng pikantoek kaoentoengan joetan roepijah. Toewan Fruin wakil Vaderlandsche Club mratélakaken bilih katranganipoen t. Loa Sek Hie poenika dipoenindakaken, kadjawi poenika tetijang Tionghoa ingkang mriki waoe manawi mantoek dateng Tiongkok ambekta arta katah sanget.

Badé nglawan Paréntah.

Deli Courant pikantoek pawartos nembé poenika bestuur ing Lokop (Sumatra Pss. Wétan) mentas nangkep pengoeloe ing Pendek ingkang mertapa wonten wana kalijan tijang djaler gangsal lan tijang èstri kalih, awit kanjana badé nglawan koempeni. Pengoeloe, tijang èstri kalih, kalijan sakabat djaler tiga saged katjepeng, moerid ingkang kalih sanèsipoen mladjeng. Moerid ingkang mladjeng poenika, margi wantoen, wonten satoenggal ingkang dipoenpedjahi, satoenggalipoen tatoe.

Lindoe.

Salebetipoen minggoe kapengker, ing Kotaradja karaos wonten Lindoe, boten damel karisakan.

Ingkang Witjaksana pikantoek bintang.

Wd. kongsoel djéndral Bèlgi ing Betawi pikantoek pawartos satengah officieel saking Brussel, bilih Ingkang Witjaksana Goernadoer Djèndral de Graeff pikantoek bintang Grootkruis in de Orde van de Kroon van Belgie.

Poetri Juliana patjangan.

Roemijin naté kawartosaken, bilih Poetri Juliana patjangan kalijan satoenggiling pangéran ing Djerman. Pawartos poenika manoet tjarijosipoen *Locomotief* boten njata.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

O, ... BEZUINIGING.

Manoet tilgram Aneta Radio tanggal 9 Djoeli, kanggé njampeti kekirangan, nagari *Australie* inggih *nginggahaken* paos. Wragad serat kaindakaken kalih penny, paos pamedal kaindakaken 10 — 15 %, paos mlebet toemrap sata, lisah latoeng, rokok, l.s.s. kainggahaken . . . . . Goenggoeng kempal saged ngangsalaken arta 12.550.000 pondsterling.

Swara Tama minggoe kapengker sampoen anjarijosaken tjatjahipoen *tijang nganggoer* ing nagari Itali mindak 7000. Ing nagari Djerman inggih soegih tijang nganggoer. Tjatjahipoen wonten *kalih mlijoen* nem atoes tigang dasa enem.

Kawontenanipoen economie ing Djepang inggih boten anglegakaken. Manoet tjatetan, wiwit Januari '30 doemoegi woelan Djoeni poenika, barang ingkang medal (uitvoer) pangaos 732 mlijoen Yen, barang mlebet pangaos 223 Yen. Uitvoer — invoer waoe manawi katanding kalijan kala Januari '29 — Juni '29, tetéla soeda, katah kala taoen kapengker. Déné soedanipoen toemrap uitvoer pangaos: 284 mlijoen Yen, toemrap invoer: 58 mlijoen Yen.

Kawontenan ing nginggil, poenapadéné wontening pawartos prakawis indakipoen tjatjahing pandji klantoeng ing poendi-poendi, sarta malih pakabaran - pakabaran pogokan kaoem berah, ... poenika sadaja anedahaken rekaosing kawontenan ing djagad economie.

* * *

Awoning kawontenan ing djagad economie waoe, Indonesia inggih ngalami.

Kaoem berah lan kaoem madjikan sami déné pangkeredan, margi badé kataman pranatan - pranatanipoen Nagari anggènipoen nedya njekapi betahipoen. Ingkang makaten poenika katitik wonten ing rerembagan salebeting Raad Kawoela bab prakawis bezuiniging.

Wonten warga ingkang tjarijos: waragad koewi waé disoeda, diilangi, padjeg iki adja dioendakaké, l.s.s.

Malah warga t. Suermondt (— bokmanawi kabekta saking ndjeloening manahipoen —) ngantos angempakaken temboeng boten pantes ingkang ladjeng dipoensendoe pangarsa Raad Kawoela. Warga R. P. Soerasa mratélakaken awoning economienipoen kawoela ing taoen poenika kabekta saking pandjanging mangsa katiga. Lan ing tn. 31 risaking economie waoe inggih boten saged langkoeng saé.

Kaseboet ing Pèngetan Wangsoelanipoen Paréntah toemrap Tatanèn, Paténtah inggih angakeni bilih angsal-angsalaning paniti priksa tjara kawroeh (wetenschappelijk onderzoek) boten ambatèni tijang alit. Ingkang makaten poenika margi kabekta kirang anggènipoen njerepnjerepaken lan margi tijang alit *boten gadah arta* kanggé nindakaken tjara - tjara énggal.

Dados tétéla sanget, ing ngriki Paréntah *angakeni pijambak kamlaratatning* kawoela.

Éwadéné, Memorie van Antwoord wonten ingkang mratélakaken asoeraos: Nagari ngakeni bilih indaking paos saged andjalari kadadosan boten saé. Nanging awonipoen kawontenan economie boten andjalari soedaning kekijatan pamikoelipoen (draagkracht) kawoela. Mila boten perloe ngoewatosaken doemadosing lalampahan kados makaten, ingkang margi oesoelipoen angindakaken paos samangké poenika.

„Hoewel Zij (Regeering) niet wilt ontkennen, dat de belastingverzwaring tot bedenkelijke gevolgen kan leiden, is Zij van oordeel, dat de ongunstige economische toestand niet ten gevolge heeft gehad, dat de draagkracht der bevolking in die mate is verminderd, dat dergelijke gevolgen van de thans voorgestelde verzwaring behoeven te worden gevreesd."

Katrangan makaten poenika sasètoe anggoemoenakaken. Paréntah ngakeni mlaratipoen kawoela. Éwadéné kagoengan pamanggih indaking paos boten badé damel soedaning kekijataning-pamikoelipoen kawoela. Manawi pamanggihipoen ingkang tjalon *kataman*, indaking paos inggih mesti saja ngindakaken mlindering poendakipoen. Nanging inggih kilap, ... , tijang Paréntah langkoeng pinter, langkoeng witjaksana, langkoeng waskita tinimbang kawoela. Kadjawi makaten ingkang mawas lan ingkang kawawas pantjèn kerep béda pamanggih lan raosipoen.

Ontjèn Sw. T. no. 27, anjaroewé Nagari anggènipoen boten anglenggahi babasan „Bajang - bajang sepandjang badan" (de tering naar de nering zetten).

Kaseboet ing Memorie van Antwoord toemrap Wawasan Oemoem, wonten katrangan makaten:

„Het verwijt, dat de Regeering zou hebben nagelaten bij de voorliggende begrooting de tering naar de nering zetten, moet wel zeer weinig redelijk worden geacht. Niet slechts, dat de nieuwe maatregelen, waarvoor de begrooting machtiging vraagt, tot het uiterste zijn beperkt, maar daarnaast is in de begrooting de sterkst mogelijke drang tot bezuiniging tot uiting gekomen, die zonder vitale belangen aan te tasten, kon worden gevolgd."

Dados, mirid Wangsoelan poenika, genahipoen: Nagari manggalih boten nalar dateng panetah ingkang mastani Paréntah boten nglenggahi babasan : „bajang-bajang sepandjang badan." Djer, sadaja-sadaja panindak énggal, sarwa dipoentjoempèni. Toer ing brgrooting tétéla tjeta, saged dipoensoemerepi, bilih ing ngrikoe pantjèn wonten karsa ngirid-irid.

Katrangan makaten poenika taksih *dèrèng maremaken* manahipoen tetijang ingkang sami moengel „Nèk pirsa pametoené bakal soeda, jagéné ndadak nganakaké apa-apa sing ora (pati) maédahi toemrap kawoela, oep. kapal perang, l.s.s.

Para sadèrèk! Pandjenengan mesti taksih sami kèngetan anggèn koela ngelokaken: lekasipoen Paréntah badé ngawontenaken pangiridan, poenika saged dados parantetahan: nglemèni widji Rusland. (Swara Tama no. 20, 16 Mei). Ingkang gadah pamanggih makaten waoe, boten namoeng koela kémawon, sanèsipoen katah.

Malah sadèrèk redacteur Soeyitna ing *Swara Publiek* 10 Juli, sasampoenipoen njarijosaken pangiridan djamanipoen G. G. Fock ingkang noewoehaken kadoerdjanan warni - warni, katah prijantoen salingkoeh, katah tijang nganggoer lss., . . . ladjeng tjarijos:

„Selainnja keada'an rahajat pada itoe waktoe djadi kaloet, maka pemimpin - pemimpin rahajat ada mempoenjaï koetika jang baek, *asoet* sana sini, . . . begitoelah gerakan rahajat, teroetama P. K. I. djadi besar dan bikin *berbahaja*. Beberapa kaoem penganggoeran jang soeda tida bisa lagi tjari pekerdja'an lantas terdjoen dikalangan pergerakan rahajat, begitoelah lantas timboelnja beberapa pemimpin P. K. I. jang seperti djamoer. (.....) *Keamanan Indonesia aken terantjem*, apabila penghimatan dilakoeken dengan djalan kasih lepas beberapa penggawe rendahan. enz. enz. (. . . .) Orang kelaparan tidak bisa tahan lama, dan bisa djadi *mata gelap*. Betoel Pemerintah soeda sediaken militair dan politie sampe tjoekoep dengan alat sendjatanja, tetapi bisakah ini menjegah adanja *peroesoehan?* Peroesoehan selaloe bisa ditindes kaloe soeda moentjoel dan soeda mengorbanken djiwa manoesia. enz. enz. (dojonging aksara déning Ptjr. Mrh.).

Kadjawi poenika, kados ingkang kaseboet ing nginggil, Paréntah pijambak inggih angakeni indaking paos saged ambabajani: „Hoewel Zij niet wilt ontkennen dat de belastingverzwaring tot *bedenkelijke* gevolgen kan leiden, enz. . . . ."

Mila poenapa boten nama *kainan* manawi Paréntah boten karsa ngaosi pangakenipoen pijambak, lan pamrajogi - pamrajogi waoe?

O, bezuiniging! — Gawé prihatin!
O, pangiridan! — Gawé tangisan!

Kumuningsaselé 20 Juli '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

Karangan ingkang dèrèng kapatjak dipoensrantosaken roemijin; kirang papan.

Sadèrèk ingkang minggoe poenika boten tampi Sw. Tm. poenika sebab boten netepi anggènipoen dados lengganan. Kawoeningana, Djempol ta?

Loc. waoe martosaken bilih Poetri Juliana patjangan kalijan pangéran Sigvard hertog ing Uppland, poetranipoen pangéran-pati ing Zweden, ingkang nomer kalih.

Dèrèng dangoe poenika, Pangéran Hendrik martamoe dateng Kraton Zweden, lan Sri Maha Radja Poetri kalijan poetra wonten Bygdin.

Pangéran Sigvard Oscar Frederik hertog van Uppland mijosipoen kala 7 Juni 1907 wonten Drottingholm. Iboenipoen kakasih Margaret van Engeland, sarta sampoen séda kala taoen 1920.

Bokmanawi sakedap malih anggènipoen Poetri Juliana patjangan waoe, kaoemoemaken kalajan officieel.

Dateng Soematrah.

Kapal „Van Waerwijk" mentas ngangkataken tijang tani kalijan koelawarganipoen 142 saking Banjoemas dateng Bengkoelen perloe ambikak tatanèn ing ngrika. *(Djawa Tengah).*

Geneeskundige Hoogeschool.

Katrimah anggènipoen nempoeh candidaatexamen pérangan kaping kalih mas Soedjono (Pekalongan) lan nonah Peters (Tjimahi).

Locoburgemeester Thamrin.

T. Moehamad Hoesni Thamrin, Locoburgemeester nomer kalih ing Betawi kala 18 Juli, kaangkat dados Locoburgemeester nomer 1.

Mr. Hildebrand dados Locoburgemeester nomer kalih.

Kabesmèn ing Timoer.

Kala 12 Juli ing kampoeng Rendeng Tjongkar afdeeling Manggarai katradjang babaja latoe. Katjilakan tijang boten wonten. Radjakaja lan teda katah ingkang itjal. Tijang ingkang boten kaoeban wangon boten kirang saking 103.

Grija sakit léprah ing Koendoer.

Tanggal 16 Juli poenika grija sakit kanggé tijang sakit léprah ing Koendoer Palémbang sampoen kabikak.

Njalingkoehaken arta 14.000.

Ing Betawi mentas wonten nonah Walandi dipoentahan margi njalingkoehaken arta kawan welas èwoe gadahanipoen drukkerij de Boer.

Sasakit laré loempoeh.

Ing Médan wonten laré kalih kénging sasakit loempoeh.

Tijang Atjih ngamoek.

Pawartos *Aneta* tanggal 16 Juli saking Bogor, njarijosaken mentas tampi kabar officieel saking goepernoer Atjih mratélakaken kala 12 Juli wonten bangsa Gajo mlebet ing tangsi anatoni saradadoe ingkang djagi satoenggal, lan tijang satoenggal malih.

Tijang Gajo waoe dipoenpedjahi. Anggènipoen bangsa Gajo ngantos poeroen makaten poenika, margi pantjèn nglaloe ngoepados pedjah déning mentas medjahi kantjanipoen toenggil kampoeng.

Sasakit tjatjar.

Ing onderdistrik Moeâra Klingi lan Moeara Bliti parésidénan Palémbang oengsoem sasakit tjatjar. Ingkang kéntjokan sasakit waoe sampoen 58, pedjah 4.

Pétangan djiwa lan brontakan.

Bat. Nieuwbl. njarijosaken: tijang mesti mangertos bilih wiwit tanggal 21 Sept. doemoegi October boten kénging ngwontenaken pista, perloenipoen samangsa teller dateng wontena grija. Margi pranatan makaten waoe sampoen dipoenwartosaken dateng tijang alit loemantar loerah doesoen, mila titijang ladjeng wonten ingkang ngoewatosaken volkstelling ingkang badé dateng. Wonten ingkang raosan ing wekdal waoe badé wonten brontakan, sawenèh wonten ingkang tjarijos badé wonten tjoelik akoelit petak.

Mila, tijang alit kedah dipoenserep-serepaken ingkang langkoeng genah soepados boten gadah koewatos toemrap badé wontenipoen pétangan djiwa.

Holl. Arabische School.

Komité kadadosan saking bangsa Arab 14 ing Semarang, ambikak sakolahan Holl. Arab. School partikelir. Leerplanipoen kaanggé sami kalijan H. I. S. Moeridipoenn inggih wonten ingkang èstri. (*Locomotief*).

Tanah partikelir.

Warga Raad Kawoela t. Yo Heng Kam kala parepatan tanggal 22 Juli neda soepados ing begrooting 1931 dipoensoedijanana waragad buitengewone uitgave, ingkang soepados saged neboes sadaja siti partikelir ing salebetipoen gangsal taoen.

Reresah ing onderneming.

Warga Raad Kawoela, mr. Fruin, wonten parepatan tanggal 22 Juli, amastani bilih indaking poelisi ing onderneming poenika salah satoenggiling panindak kanggé nandingi wontening batjokan-batjokan, mila boten adil manawi katemboengna boten perloe (overbodig).

Épahan koeli.

Warga Raad Kawoela t. Bruineman, wonten parepatan 22 Juli, andorakaken tijang ingkang mastani bilih épahan koeli ing kaboedidajan gendis Banjoemas dipoenandapaken.

Walandi Indo — kalijan Grondbezit.

Koelit petak kabawah Indonesiërs.

Warga Raad Kawoela t. Stokvis wonten parepatan tanggal 22 Juli, ngoewatosaken manawi para Indo dipoensoekani wewenang toemrap siti ing ngriki, mangké gèk Walandi totok inggih ladjeng saged andarbèni siti lantaran Walandi Indo, awit, sanadyan Indo-a (anakipoen tanah ngriki, — een kind des lands-) inggih nama bangsa Éropah, Europeaan.

T. Stokvis mantjahi pamanggihipoen warga t. Suermondt, ingkang mastani bilih bangsa Éropah roemaos sakit manahipoen manawi kabawah bestuur bangsa Indonesia, awit manawi temen makaten, tijang kedah poeroen ngèngeti kados poenapa kémawon raos kabangsanipoen bangsa Indonesia anggènipoen kasakitaken ngantos pinten-pinten abad, ing salebetipoen kaparéntah bestuur bangsa Éropa.

MANTJA NEGARI.

KOREA lan MESIR. *Reresah.*

Ing Tansen, Korea Wétan, kala Setoe sonten toewoeh reresah, margi wonten tijang tani bangsa Korea sawatawis dipoentahan déning kadakwa nerak oendang-oendang prakawis wana. Tijang tani Korea pedjah 4, tatoe 26. Poelisi Djepang wonten nenem sami kataton.

Samanten oegi ing Kairo, Mesir, oegi wonten reresah, saking dajanipoen Wafd-partij. Padjagèn dipoenkentjengi. Toko-toko kaineb. Satoenggiling oetoesan golongan Wafd-partij neda soepados parlement béndjing tanggal 26 poenika, ngawontenaken parepatan miroenggan.

FINLAND—RUSLAND. *Galagat boten saé??*

Aneta-Radio saking Helsingforst 21 Juni, njarijosaken paréntah Finland ngabani oetoesanipoen ingkang wonten Moskou soepados mrotès lekasipoen Roeslan, anggènipoen njendjatani baita momotan gadahanipoen Finland saking bètèng Yhinmeci, i. p. kala baita „Caleva" waoe nilar saganten Roeslan badé pangkat dateng Helsingfors.

Lalampahan poenika ing semoe saja njangetaken pantjerenganipoen nagari kakalih waoe ingkang margi wontenipoen ébah-ébahan anti mérah saking golongan tani ing Finland.

TIONGKOK. *Mengsah para brandal.*

Salebetipoen minggoe kapengker, soeldadoenipoen paréntah, késah saking Kanton perloe nandangi brandal ing sakidoel Kanton tebihipoen 40 mil. Anggènipoen tjampoeh ngantos sadinten moepoet. Golongan brandal atoesan ingkang pedjah, sarta sareng daloenipoen ladjeng sami loemadjeng singidan ing wana-wana.

HINDOE. *Ébah-ébahan Gandhi.*

Margi moendoeripoen padagangan, béndjing Agoestoes tjalon wonten pabrik 14 dipoentoetoep, ingkang ladjeng andjalari wontenipoen pandji klantoeng 40 éwoe.

Ing Bombay wonten pabrik nama Indo-German Products Co Operation gadahanipoen bangsa Djerman ingkang nedya sasambetan dagang Hindoe kalijan Djerman.

Kaangkah saben taoen saged nglebetaken barang Djerman pangaos 4000 pondsterling sarta ngedalaken barang bakal saking Hindoe dateng Djerman pangaos 800.000 pondst. Pabrik poenika angsal pambijantoe sanget saking bangsa Hindoe, sarta nedya ngedegaken pabrik-pabrik ing satanah Hindoe kanggé njekapi betahipoen Hindoe pijambak ingkang soepados boten perloe andatengaken saking tanah mantja.

Pabrik kaseboet ingkang ngedegaken toewan-toewan pabrik bangsa Djerman langkoeng saking 200, dipoenpangagengi Herr Theodore Ficker.